

## Kesyonè : Eske map viv nan yon relasyon lanmou ki gen vyolans ladan l ?

### ESKE PATNÈ W?

- Ba w tò kèlkanswa sa w fè ?
- Pale mal sou zanmi ak fanmi w?
- Joure w oubyen fè w santi ou pa vo anyen?
- Rele w 10 fwa nan yon aswè pou konnen sa wap fè, kote w ye epi ak kimoun ou ye?
- Mande w sa plizyè fwa, jiskaske ou pa kapab refize kouche ak li
- Voye jete oubyen kraze bagay ki pou ou?
- Mande w pou bay enfòmasyon sou ki moun wap frekante, sou rezon ki fè w anreta, epi sou kote w ale lè w deplase?
- Eseye fè w rete lwen fanmi ak zanmi w?
- Fè kòmantè ki pa bon sou jan w abiye, sou jan w parèt, sou jan w edike pitit ou?
- Jwenn eskiz (presyon nan travay, alkòl, timoun dezòd, trafik nan sikilasyon) pou esplike poukisa li chanje karaktè tanzantan?

### ESKE?

- Ou konn pè pou tèt ou oubyen pou pitit ou?
- Yo te maltrete w nan kò w oubyen menase maltrete w?
- Ou toujou gen enpresyon ke ou se yon moun san konpetans, ki pa könn anyen, ki pa janm fè bon bagay?
- Ou kwè okenn lòt patnè pap vle renmen avè w?

Eske w rekonèt tèt ou nan younn nan tout sitiyasyon sa yo?  
Si se sa, gen anpil rezon pou kwè wap viv nan yon sitiyasyon vyolans konjigal.  
Ou kapab chanje sa!

### APRE YON GWO KONT FIN PETE, ESKE OU KONN DI?

- «Se fòt mwen... Si m te konnen, m pa ta pwovoke l, m ta kite l trankil.»
- « Se mwen menm ki kòmanse.»
- «Gen yon rezon ki fè tout vyolans sa a eklate.»
- «Si l te sispann bwè sitiyasyon nou ta yon lòt jan.»
- «Si l pa te bwè tèlman, li pa ta pèdi kontwòl tèt li»
- «Si l te jwenn yon travay, si job li te ba li mwens presyon, li ta gen mwens tèt chaje epi li ta pi trankil.»
- «Si timoun yo pat tèlman dezòd, li ta kapab repoze l».
- «Li tèlman renmen m, se nòmral pou li ta kapab repoze l».

Si w reponn wi pou younn oubyen plizyè nan pawòl sa a yo, sa sanble ou pa bay jès patnè w lan poze, tout enpòtans yo genyen.

PA GEN NI REZON NI ESKIZ POU YON MOUN FÈ VYOLANS

Si ou panse wap viv nan vyolans konjigal, rele SOS Violence Conjugale 514-873-9010 oubyen Transit 24, Maison d'hébergement 514-383-4994